“Gamuchirai Mweya Mutsvene”

Uye adaro akavafemera akati,
“Gamuchirai Mweya Mutsvene.”
JOHANI 20:22

“Gamuchirai Mweya Mutsvene”

MABASA AVAPOSTORI 2:1-8, 38-41

Zuva rePendekosti rakati rasvika, vakanga vakaungana vose panzvimbo imwe chete.

2Pakarepo kutinhira sokwemhepo inovhuvhuta nesimba kwakabva kudenga uye kukazadza imba yose yavakanga vagere. 3Vakaona zvakanga zvakaita sendimi dzomoto dzakaparadzana uye dzikamhara pamusoro pomumwe nomumwe wavo. 4Vose vakazadzwa noMweya Mutsvene uye vakatanga kutaura nedzimwe ndimi sokupiwa kwavakaitwa noMweya.

5Zvino muJerusarema maigara vaJudha vaitya Mwari vaibva kundudzi dzose pasi pedenga. 6Vakati vanzwa mutinhiro uyu, vazhinji vakaungana pamwe chete vachishamisiswa, nokuti mumwe nomumwe akavanzwa vachitaura norurimi rwake chairwo.

7Vakashamiswa kwazvo, vakabvunzana vachiti, “Ko, vanhu ava vose havasi vaGarirea here vari kutaura? 8Zvino seiko mumwe nomumwe wedu achivanzwa nomutauro waakaberekwa nawo?

38Petro akapindura akati, “Tendeukai muchabhatidzwe, mumwe nomumwe wenyu, muzita raJesu Kristu kuti murege rwe zvivi zvenyu, uye mugogamuchira chipo choMweya Mutsvene. 39Chipikirwa ndechenyu navana venyu navose vari kure, navose vachazodanwa naShe Mwari wedu.”

40Akavayambira namamwe mashoko mazhinji; uye akavakumbirisa achiti, “Muzviponese parudzi urwu rwakaora.” 41Avo vakagamuchira shoko rake vakabhabhatidzwa, uye pazuva iro, vanhu vanenge zviuru zvitatu vakawedzerwa pauwandu hwavo.

Vakaona zvakanga zvakaita sendimi dzomoto dzakaparadzana uye dzikamhara pamusoro pomumwe nomumwe wavo.

MABASA AVAPOSTORI 2:3